



# Wolof

# Tànk-ndànk

Jéego 4

Téere 2

Édition 2018  
Réimpression 2020



Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-T0-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) <http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo>. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# **Li téere bi ëmb**

Papiis sàrdiñe bu xarañ .....	4
Gaalu Pàppa Duudu .....	20
Yeete ci mécce yi. ....	36
Beykatu démb, tey ak ëllëg .....	52
Lëg a ngi defar film .....	68

# Papiis sàrdiñe bu xarañ



Papiis sàrdiñe bu amul moroom la,  
dafa sawar, yaru.

Suba teel lay jóg, sangu ba set,  
sol ay yéreem yu baax.

Mu génn ci biti, dem ca bitig ba,  
wuti ndékki, defar néegam.

Amet, naar bi, jaay ko kafe ak meew,  
mburu ak bëer.

Tàngal na ndoxam, defar kafe ak meew,  
naan ba biiram fees.

Jël na ay jumtukaayam, dajale leen.  
Papis am na iso, jaasi, gasukaay, illeer,  
peel ak weñ guy buddi.  
Def na jumtukaay yi ci biir saaku bi.  
Papiis dafa jënd welo ndax mënul a dugg  
ci kaar yi.  
Benn bés dafa yor jumtukaay  
yi dugg kaar.  
Jenn jigeen ragal, yuuxu, bi mu gisee jaasi ji.



Wóoy, yaw lii lan la ?

Papiis ne ko : « Man duma fàqmaan, sàrdiñe  
laa. »

Looloo tax Papiis jënd welo di liggeeyi ca  
toolam.

Su demee suba, ngoon lay wàcc.

Leegi dawal na weloom,  
dem liggeeyi ca toolam.

Yoon wi sore na te Papiis dafay pedaale  
di moytu oto yi.

Korosmaa Kàmbereen la toolu Papiis nekk.  
Soo duggee ci tool bi, dafa nekk ci booru  
ndox mi.



Toolu seyaan la Papiis gas, di ca root.  
Déeg bi sorewul moo tax du ñàkk ndox mu  
mu roosee.  
Papiis ñetti wàll la def toolam.  
Dafay jaay garab, di jaay tóor-tóor,  
di jaay lujum.

Dafay def tos ak jiwu ci ay mbuus,  
roose leen.

Ñooy màgg doon ay garab ak i  
tóor-tóor.

Su ko defee, mu jaay leen kiliyaan yi.  
Garab yu ndaw yooyu lañuy jëmbat,  
di leen roose.

Ñoom lañuy suuxat, ñu màgg,  
doon garab yu rëy.



Njiit yu bare dinañu leen jënd,  
di ko def ci biro yi.

Soo demee ci mbedd réewi taax yi,  
dina am garab yu bare.

Tool yu mel ni tooli Papiis  
lañu leen di jënde.

Su ñu leen jëmbatee, bés bu nekk,  
ñu roose leen.

Ay nit tamit dinañuy jëlsi Papiis,  
mu toppatool leen seen tooli kër.  
Foofa la Papiis di jël siso ak jaasi,  
di dagg car yi.

Su jeexalee, mu rato ñax yi ak bant yi,  
dajale leen.

Ubbi na robine bi, def ci raakol, di roose.  
Su noppee, ñu fey ko xaalis,  
mu dellu toolam.



Toolu lujumam bi naat na lool.  
Papiis jël na ñaari rosekaayi ndox,  
di leen sotti ci gancax gi.  
Yëngal na suuf si am tos, am lu mu ci ji.  
Ñu ngi màgg leegi.

Am na fa suppome, karoot, batañse,  
nawe ak ferees.

Loolu mooy nji mu sew mi.

Waaye am na tamit ay garabi meññeef ci  
pàkk bu yaatu.

Am na ay banaana, karasol, màngo,  
goyaab, pàppaaya, limoŋ, awokaa ak  
sàppóoti.



Liggeeyu tool metti na waaye neex na.  
Sa wér-gu-yaram dafay yokku,  
soo jegee gàncax gi.  
Dangay noyyi péex mi jóge ci  
noyyim garab yi.  
Loolu dafay dimbale nit ci dundam ak  
gudd-fanam.

Su lujum yi ñoree, Papiis dafa leen di  
buddi, def ci buruwet.

Xaleem yi def lépp ci ay saaku,  
ñu jox leen kilyaan yi.

Ñooñu ñooy dem, jaayi lujum yi märse  
Sàndikaa.

Baana-baana yi ñooy jëlsi meññeef yi,  
dem jaayaat ko.



Liggeeyu Papiis dafa bare fànn.  
Dañu koy woo ci kér mbaa ci biro, mu  
rafetal leen.  
Papiis dina buddi ñax, dina gas ay kan,  
def tos, jëmbat, roose.  
Dafa am xam-xam ci garab,  
dafay bég suy liggeey ci gàncax.

Su Papiis di liggeey, dafay fagaru, sol ay bot.

Dina def ay gaŋ ci loxo yi, su garab gi amee dég.

Suy gas ci suuf, dafay dindi doj yépp ngir suuf si nooy.

Garab yi dañuy noyyi te seen i reen dinañu gaaw a màgg.



Ci tool bi, xale yi, Maalig ak Aadama, ñoo koy dimbale.

Dañu bër ekool, ñëw di yendu ci tool bi.

Ñooy def tóor-tóor yi ci potu fuloor yi,  
sol ci tos.

Ay soxna dañuy ñëw, jënd leen, ngir taaral seen kër.

Papiis jaay na lu bare, am xaalis bu takku.

Papiis ne : « Tool bu rëy am ndox mu doy  
laa bëgg. »

Mu ngi xalaat a jëmbat àllu darkase ngir  
am ay milyonj.

Bëgg na dëkk ci wetu dex, di fa yar ay jën.  
Mu am tool bu ngande boo xam ne oto mën  
na ci daw.

# Gaalù Pàppa Duudu



Tey dibeer la, xale yi demuñu ekool.  
Makoddu ak Mandumbe nekk ci ëtt bi di  
futbal.  
Mbayan toog ci buntu kër gi di wure.  
Ñuy fo, di xaaraale añ bi noppi.



Bi ñu añee ba noppo, seen pàppa Duudu  
woo leen.

Mu ne leen tey dafay ànd ak ñoom  
ak seen mbonaat.

Dañuy dem dex ga nappi.

Muy fàttaliku bi mu nekkee xale di ànd  
nappi ak nijaayam.

Mu ne doomaam yi, moom nijaayam a ko  
jàngal napp.



Booba dex gi dafa amoon boroom.  
Ay maymaydo ñoo fa daan feeñ,  
ñu mel ne nit.  
Seen genn-wàll nekk nit, geneen wàll gi  
nekk jën.  
Maamu maymaydo ya lañu doon wooye  
Maam Kumba Bañ.  
Maam Kumba Bañ moomu mooy buuru  
dex gi.



Moom ak njabootam ñoo ci dëkk waaye  
dafay sàmm tamit nit ñi.

Moo tax ku amaan doom,  
dangay def saraxu laax ak soow.

Danga koy sottiji ci dex gi,  
balaa ngay jàll pom bi.

Loolu moo ko doon xamal ne doom-aadama  
ju bees dikk na.

Ci biir ndox mi la dëkk, di fa lekk ak a naan.




Dafa am ay bés yu muy maye ay jën.

Ku nappi ci bés yooyu, jën yu bare  
ngay jàpp.

Dafa am itam ay bés yu muy noppalu,  
bëggul ku ko sonal.

Bés yooyu, mën nga dem, doo jàpp dara.

Looloo tax mu am ay bés ak waxtu yu gën  
ci napp.



Tey moom melokaanu dex gi wone na ni  
bés bu neex la.

Ñu daldi dajale seen bagaas : paan, paaka  
ak seen caax.

Seen i welo yi lañu jël, teg ko ci.

Pàppa ji jël benn welo, togg ci Nafi ak  
mbonaatam.

Makoddu jël beneen welo bi, togg  
Mandumbe, di pedaale.



Bi ñu egsee, ñu tekki seen bagaas, Pàppa  
Duudu xëcc gaalam.

Gaal gu ndaw la woon, gu rafet itam.

Ci kaw, raaya réew maa ngi ciy naaw.

Ñu bind ci wet gi « Waa kër Duudu Tëw ».

Ci geneen wet gi, ñu bind ci « Yoonu  
Jàmm. »



Ñu daldi génne seen mbaal,  
dugal ci biir gaal gi.  
Mbaal mi nag am na ay pax  
yu ndaw ak yu mag.  
Nafi moom du dem, dafay xool bagaas yi,  
Mbonaat di ko wéttali.  
Duudu dugg ci biir gaal gi ak ay doomam  
Makoddu ak Mandumbe.  
Ñu nekk ci gaal gi, di joow ndànk.



Bi ñu demee ba ci diggu dex gi, ñu taxaw.  
Ñu génne seen mbaal, sànni ko ci ndox mi.  
Nafi ak Mbonaat di leen séen,  
li ñuy gis rafet lool.  
Mbonaat ak Nafi, ku ne yor sa portaabal,  
di leen portale.  
Bi mbaal mi diisee Makoddu ak pàppaam  
xëcc ko.



Pàppa ji dindi jën yi, fëgg tilim ji  
sànniwaat mbaal mi.

Ñu koy def ay yoon. Bu sonnee,  
Makoddu ak Mandumbe awu ko.

Ñuy góor-góorlu, di jàppale seen pàppa bu  
baax a baax.

Bu ñaar ñi dee dugal mbaal mi,  
keneen ki di as ndox.




Mandumbe mi gën a ndaw di séen Nafi ci weneen wàll wi.

Muy raxas tànkam, Mbonaat téyeel ko séram.

Nafi yékkati loxoom, di ko tàllal páppaam ak ñaari magam yi.


Jàpp nañu jën yu bare, yu sew ak yu dijj.  
Bi ñu noppee, ñu dugal mbaal mi, ci biir gaal gi.



Ñu ngiy waññeeku leegi, Makoddu moo  
nekk ci kanam di joow ndànk.

Pàppa jaa ngi ci ginnaaw di joow tamit,  
Mandumbe toog ci wetam.

Yenn saa yi benn-benni gaal rombante ak ñoom.  
Ci ndox mi, ñu gis fa jàqar yu rafet.  
Ay jën nekk ci biir, di ci dàqante.



Mandumbe laaj pàppaam :

« Jën lu muy dunde ? »


Pàppa ji xamal ko ne : « Jën dafay lekk  
ñax. Am na tamit ñuy lekk seen i moroomu  
jën. »

Makkoddu ne : « Haa, loolu la ! Lu tax boo  
leen génne ci ndox mi tuuti rekk ñu dee ? »

Pàppa ji ne ko : « Jën ci biir ndox lay noyyee. Dafay ubbi caaxooñam, dugal ci ndox mu ànd ak oksisen. »

Makoddu laajaat ko : « Nu muy def ba am doom ? »

Pàppaam ne ko : « Jën dafay nen te nen yooyu ñooy màgg nekkaat jën. »



Leegi nag gaal gaa ngiy teer,  
ñu ngi egzi ci tefes gi.

Nafi dawsi, daldi ñëw ànd ak Mbonaat,  
ñu indaale paan yi.

Jën yépp di melax, di tëb, ay waas,  
ay óoba, ay róom.

Pàppa Duudu jël yu sew yi matagul,  
di ko delloowaat ci dex gi.

Nafi ne ko : « Pàppa, yii man ak Mbonaat  
danu koy togg pepesu. »


Pàppa ji xamal ko ne : « jën, su matulee,  
dañu koy delloo.

Su ñu koy jël, bu yàggee, dex gi dootul  
amati jën.

Dañu leen war a bàyyi ñu màgg ba mag.

Loolu mooy aar sunu kéew gi. »

# Yeete ci mécce




Baay Gaynde dafa feebar, biir biy metti,  
muy wañaaru.

Bu waxee, kenn du ko faale,  
xanaa di ko ñaawal.

Rëbbeetul, lekkatul, naanatul.

Bés bu jot, metit wi gën di yokku.



Mu ngi rocceeku ba mel ne bantu bale.  
Xam na ne nguuram mën na yëngatu.  
Bu moytuwul, dina ko ñàkk.  
Yaay Gaynde mu ngi toog ci wetam,  
di ko dalal.



Mu ngi naan ko : « Muñal, lii du dara.  
Bëgg naa rëbbi waaye mënuma la fi  
bàyyi yaw kese. Séen naa Bukki, fan yii ci  
ginnaaw, mu génn di doxantu. Njort naa ne  
xibaar na ñoñam sa feebar. »



Wéetaay la Bukki bëgg ba song Baay  
Gaynde.

Neenti doomi Gaynde yaa ngi fo, di tëb, di  
dàqante.

Caatu Gaynde naan : « Yaay lu tax doo faj  
sama pàppa ? »

Yaay Gaynde ne ko : « Mënuma ko faj,  
duma doktooru rabi àll yi. »



Caat ma ne ko : « Weterineer laa bëgg doon su ma màggee. Su boobaa, rabu àll bu feebar ma faj la. »

Ñaareelu doomm ji ne : « Man jàngalekat laa bëgg doon. Bu ko defee, dinaa leen xamal, ba ñu moytu luy lore. »

Ñetteelu doom ji moom sàppëer pompiye  
moo ko saf. Saa yu lakk amee, mu fey ko ba  
kenn du loru.

Ñeenteel bi ne : « Taskatu xibaar laa bëgg  
doon, ba siwal leen. Bu ñu nu xamee,  
dinañu nu jox sunu àq ak sunu yelleef.  
Su baaba, lu xew ci àll bi, wër àddina,  
ñépp jot ci. »



Ñoom népp déggoo ci fent woy, tasaare  
ko fépp.

Yaay ji ne woy woowu dina ma neex lool.  
Defleen ko woyu yeete.  
Bumu nekk mukk woyaan, woyantu walla  
woyandoo.

Mag ja woy, ne : « Jàppale ma sama yaay, jàppale ma sama baay. Ñaanalleen ma ma màgg, feral seen i rangooñ.

Rakkam ne : « Yaay ju baaxe nii , ku ko am ñaanal ko. Yaa Gaynde guddal fan, wér, am jàmm ! »



Mu am ku ne : « Génne ci lëndëm,  
tàbbi ci leer laay taasoo.  
Ma yee ñiy nelaw bay xandoor,  
naxe jeex na fi. Gindi ñi réeroon, xamle  
ñépp xam, xàmme mooy sama yitte.  
Haa ! Jaaraama jàngalekat,  
kenn mënulaa fey ! »



Rakkaatam ne : « Sàppëer pompiye  
a baax ci àll bi. Bu daay tàkkee, mu ñëw  
fey ko. Ku daanu ci teen, mu génne la.  
Ku bëgg a lab ci ndox, mu fexe ba génne la.  
Mooy musal nit, musal ràbi àll,  
picc ak garab. »



Yaay ja naan : « Doom yu baax  
ku leen am looy laajati ? Xanaa ñaanal leen  
ñu diy mag, seen dund am njariñ.  
Bu laajee pooj, ma gumbe mbaa ma  
ndaw-ràbbin. »

Noonu, Baay Gaynde ne bëret jóg taxaw  
mel ne ku dara jotul.




Yaay Gaynde bég, tëb laxasu ko.  
Xale yi naan : « Baay Gaynde ma demoon  
dellusi na. »  
Mu ne leen « Tukkiwuma woon  
te dara jotu ma. Dama doon seetlu sama  
njaboot doñj.



Bëggoon naa xam fu ngeen tollu ci man.  
Leegi, bu ma tëddee dinaa nelaw  
ba yàndoar. Sama xel dal na, sama yaakaar  
tasul. Tey, dinaa dem rëbbi, indil leen  
ndawal gu bare. »

Gaynde yokk ca ne : « Na seen i xarit ñëw  
reersi, dinaa ko yëgal seen i waajur.

Yaay Gaynde ne : « Yëgalleen ko  
doomi Bukki. Aka maa bëggooon Bukki ñëw !  
Maa ngi dem wutti soble, kaani ak  
pombiteer ci tookër bi. »



Guddi jot, ñépp teew kér Gaynde ba mu des  
Bukki ak njabootam.

Ba ñu lekke ba suur Baay Gaynde xibaar  
leen li doomam yi wax.

Mu ne leen : « Mécce yi bare nañu, nanu  
waxtaan ak sunu njaboot. Nanu leen gunge  
ba ñu tannn mécce bi ñu bëgg.

Xale yi, seen xalaat jar na bàyyi xel.  
Jamono ji, am ci mécce lu baax la.  
Nanu waajal sunu njaboot ci njariñu  
mécce. Menn mécce jarul a xeeb, nanu  
taamu mi gën ci nun. »

# Beykatu démb, tey ak ëllëg



Bi ekool bëree, damaa ànd ak sama rakk  
Xoja dem dëkk ba.

Sunu maam ne nu mbey mooy mécce mi  
jëkk ci kaw suuf.

Beykat yi dañu daan bey li ñuy lekk.

Li ko waral mooy suuf yi bokkuñu.

Saalum am na suufu ban, Kajoor am  
suufu joor.


Suufu joor du téye ndox, suufu ban dafay  
téye ndox.

Suufu joor dafa am pepp yu tuuti, mel ni  
ceeb bu sew.

Suufu ban dafa ñuul, su tooyee, mel ni  
gerte tigadege.

Am na mbeyu suufu joor ak mbeyu  
suufu ban.

Li beykat yi di bey lañuy jaay nit ñi,  
ñu koy lekk.



Ci Senegaal sunu réew, nit ñu bare ceeb  
lañuy lekk.


Wànte, sunu beykat yi, li ñuy bey  
ci ceeb doyul.

Beykat mën na nekk góor, mën na nekk  
itam jigeen.

Man, su ma doonee mag beykat laa  
bëgg a nekk.

Wànte nag, taraktéer yi ma gis ci tele laay  
baye.

Sama maam ne mbeyu démb moo gën  
waaye dafa metti woon.  
Wax na ni tool yi ci wetu kër yi ñooy tookër.  
Mu ne beykat yi dinañu bey nawet ak noor.  
Mbeyi nawet yi ñooy : gerte, dugub, basi,  
ceeb, ñebbe ak gajànga.  
Mbeyi noor yi di : lujum, xaal, ñàmbi ak  
yeneen ak yeneen.



Mbey yi dañu am fan yu ñuy def bala ñuy ñor.  
Gerte, su amee ñetti weer ba jëm ñeent,  
lay ñor.

Dugubu suuna ñetti weer la, lujum benn ba  
ñaari weer.

Sama maam ne : « Illeer, ñoosi, soox-soox  
ak gabbu ñoo amoon. »

Ma ne ko : « Su ma màggee, dinaa defar ab  
mise buy wone mbeyu démb. »

Sama maam ree, ne : « Mbeyi tey, yu démb  
a ko dàq fuuf ! »

Leegi, masinu nji, mbey, déqi ak yuy  
wëlbati suuf ñoo am.

Am na taraktëer yuy bey, masin yuy bàcc  
dugub ak ceeb.

Sama maam ne : « Dëgg la, bu jëkk, mbey  
yombul woon. »



Ku bëggoon a nekk beykat, dangaa waroon  
a am doole ak jom.

Amoon na lu nu tudde woon santaane.

Soo bëggee bey, walla ji sa tool mu gaaw,  
dangay woote ndimbal.

Nit ñu bare teel a ñëw, ku ne indi sa  
liggeeyukaay.

Ci suba gi, boroom santaane bi dafay indil  
nit ñi lekk.

Su ñu noppee séddoo liggeey ba ku nekk jël.  
Ñuy xëccoo ku dàq a bey ci ñoom,  
di liggeey, di woy.

Ay beykat feeñ nañu ci santaane yi,  
deme ni Baay Demba Waar.

Sama maam nee na Baay Demba Waar  
dafa bey ba àgg géej.

Xoja laajte : « Ndax jigeen ñi amoon nañu  
seen Baay Demba Waar ? »



Bi sama maam nee jigeen amul woon suuf,  
Xoja dafa waaru.

Man ak sama mag Kaatim ñu laaj sama  
maam : « Lu waral loolu ? »

Mu ne : « Góor ñee moom suuf si, di abal  
jigeen ñi doñj. »

Mu yokk ca : « Jigeen ñi mbey yu woyof  
rekk lañuy daan def. »

Bu jëkk, mbey yu bare dañu daan yàqu.  
Gunoor, picc, mala yi ak rabi àll yi ñoo ko  
daan yàq.

Mala yi deme ni xar, bey, mbaam dañu leen  
di yeew nawet.

Sàmm yi, dañuy yóbbu seen i nag fu sori  
tooli mbey yi.



Pexe yi amoon ci xeex ak gunoor ak picc  
doyul woon.

Leegi, posen yi y xeex ak yàqkat yooyu bare  
nañu lool.

Kenn warul laal posen yooyu ak loxo walla  
mu koy noyyi.

Mask ak gañ lañu war a sol su ñuy  
jëfandikoo posen.

Posen yooyu waruñu koo denc fu jege nit,  
mala, ndoxu naan walla lekk.

Warul a lor rabi àll, luy naaw walla luy  
dund ci ndox.

Mbey mi gën a siiw ci Senegaal, ceeb la.  
Wànte li ñu ciy bey doyul ci dundal nit ñiy  
lekk ceeb.

Moo waral nuy jënd ceeb bu bare ci bitim  
réew.

Loolu, xaalis bu bare lay doon at mu ne.



Ni nit ñi di yokkoo, la li ñuy lekk  
waroon a yokkoo.

War nanoo yokk li nuy bey ba dund bi doy  
ci nit ñi.

Soppi ni nuy beye moo mën a indi loolu.

Kaatim ne : « Maam, ndax ceebu bitim  
réew mën naa wàññéeku ? »

Sama maam ne : « Ahakay, su nu beyee lu  
doy waa réew mi !

Yokk pexe yi nuy beye, moo nu mën a  
may loolu. »

Kaatim ne Maam : « Beykatu tey laa bëgg a  
doon. Dinaa am tool bu yaatu, di bey lépp  
lu nit ñi soxla ! Sama maam ma wutal ko  
pilyaan mu tëdd ca di ma seetaan. »



Xoja ne : « Man, su ma màggee dinaa wutal jigeen ñi ay jumtukaay yu gën a yombal seen liggeey. Jot na ñu gën a dugal seen i loxo ci mbey. »

Kaatim ne : « Man bëgguma sama maam mii mere ma. Mise bi ma nar a defar, moom laa koy tudde, ndax mooy sama xarit. »

Sama maam ree, ne : « Jamono suy dox, doxal ànd ak moom. »

Ma tontu : « Ci beykati tey laa bëgg a bokk, man itam, su ma màgge. Su ko defee, ma sukkandiku ci jumtukaay yu bees yi, bey lu bare, samay mbokk yépp jariñu ci. »

# Lëg a ngi defar film



Sooy seetaan tele, li ngay gis lépp dañu  
koo filme.

Defarkatu film mooy kiy defar film  
yi nuy seetaan.

Dafay wone ni ñuy filmee, jubanti wax ji,  
tànn li ñuy def.

Film yi bari nañu te bokkuñu.

Mbooloo ñooy ànd defar film, ku nekk am  
loo ciy liggeey.



Kii mooy leeral, kee yore kameraa bi,  
keeneen di taataan wax ji.

Ñeneen di déglu wax ji, ku juum ñu  
jubbanti la.

Am ñu bare ñuy jàppale defarkatu film bi,  
ci liggeey bi.

Eskript bi, di doon jigeen, mooy xool lépp,  
su ñuy liggeey.

Su ngoon jotee, mu joxe kayit wu mu bind  
lépp li xew.



Mbooloo mi gën a tuuti ci defar film ñetti  
nit la.

Nooñu ñooy : kiy filme, kiy taataan wax ji  
ak defarkatu film bi.

Mbooloo mi gën a rëy mën  
na ëpp téemeeri nit.

Loolu mooy film yu mag yi xaalis  
bu baree bare di defar.



Bala ñoo defar film, dañuy bind nettali bi  
ñuy war a filme  
Bindkatu film bi moo koy bind  
ay yoon i yoon.  
Boroom xaalis jënd loolo, fay defarkatu  
film, mu defaral ko ko.  
Nu dajale nit ñi war a bokk  
ci liggeey bi ñépp.  
Ñu wut ñi ci nettali bi ak fi ñuy  
defere film bi.



Ca Ndumbelaan, Lëg dafa bëgg a defar benn film.

Baaxoñ moo bind benn nettali bu tudd :  
« Kàddu yu jëkk »

Leegi, wut na ñi muy àndal defar film bi.  
Ñey, Segg, Njamala, Bukki, Gaynde,  
Kéwel, Baa, Seku ak Tan ñoo ci bokk.  
Lëg ànd na ak ñoom, tànn fi ñuy defare film bi.


Bi ñu noppee, ñu woote, tànn ñiy jëf ci biir  
nettali bi.

Seku moo naaw, wër Ndumbelaan,  
yëgal ko ñépp.

Ca bés ba, ñu ñëw, jël seen wàll ci nettali bi.

Ku ci nekk jäng ba mokkal lañu la jox.

Lëg ak ñi koy jàppale toog, ñu ñëw, jëf, ñu  
seetaan leen.



Bu ñu noppee, ñu tànn ña gën a baax lu ñu def. Kii ñu def ko buur, kee nekk lingeer, doomu buur ju jigeen. Ñi nettali bi tudd ñépp, dinañu nekk ci film bi. Dañuy jäng waxi nettali bi ak jëf ji ba mokkal ko. Lëg ak ñi koy jäppale won leen ni ñu war a def.


Mbonaat ak Baa taxaw, téye seen kayitu  
nettali, di jàng.

Mbonaat ne : « Gisoon nga Bukki ba muy  
fecc di wér daqaar ga ? »

Baa yëngal baat ba, xulli bëtam, tontu ko :  
« Gis naa ko kay ! »

Lëg ne leen : « Defaatleen ko, gaawal seen  
wax te teg kayit yi. »

Mbonaat ak Baa tàmbaliwaat ba Lëg  
kontaan, woowaat ñeneen ñu ñëw.



Noonu la Lëg def ba ñépp mokkal seen wàll.  
Wànte film du ay wax rekk, am na it jëf.  
Kiy wax, mën na wax ca kaw, ndànk, dox,  
daw, taxaw, toog. Ni muy xoole ak fi muy  
xool it, am na solo.

Ñu waajal film bi, Lëg wax leen bés bi ñu koy door. Mu ne leen liggeey bi dina def weer bala muy noppi.

Mu wax leen seen ay wareef ak li ñuy feyyu. Ku jàng kayit wa ba noppi, siñe ca suuf, boo ci àndee.

Nu séddale ñépp kayiti fani liggeeyu film bi.



Tey la film bi di tambali, ñépp teew,  
jublu ci liggeey bi.

Ki yor kalaab bi bind ci kaw arduwaas, téye.  
Nu solal Bukki ak Lëg, defar seen kanam,  
ñu taxaw di xaar.

Ñu noppiloo ñépp, Lëg ne :  
« Motoor ! » Ki yor kameraa ne :  
« Takk na ! »

Ñu ne : « Kalaab. » Till won arduwaas bi  
kameraa bi, génnaat.


Bukki door wax ja :  
« Lëg, dama lay yónni ca nijaay Gaynde ! »

Baay Lëg ne ko :  
« Loo bëgg ma waxal la ko ko?


Bukki ne ko : « Danga ko naan, Bukki dafa  
bëgg lingeer Gaynde. »

Baay Lëg xaw a tiit ne :  
« Nga ne lu ma koy wax? »

Bukki ne ko :  
« Danga koy wax ne Bukki dafa bëgg  
lingeer Gaynde. »



Lëg doom yuuxu : « Nu dagg ko foofu !  
Bukki waxaatuloo li nga jëkkoon a wax bi la  
Lëg laajee. »  
Eskiript bi ne ko : « Danga ko naan, Bukki  
dafa bëgg lingeer Gaynde. »  
Eskiript bi jubanti na wax jooju.  
Ku juum ci li ngay wax, moo lay gëgganti.



Defar film, liggeey yu bare la, Bi Lëg filmee,  
dajale moo des.

Dajale mooy boole li ñu filme lépp mu nekk  
benn toppante.

Su taqale bi noppee, ñu yokk ci senerig yi  
misig yi ak coow.

Dina am ay laal-laalaat ak def ay jommale  
ci film bi.

Soo gisee ci film nit kuy naaw walla muy  
soppaliku leneen, loolu la.



Lëg kontaan na ci liggeeyam, dina ko won  
waa Ndumbelaan.

Tele yi siiwal ko, Seku waxtaan ci rajo yi,  
ñépp yëg ko.

Ba bés ba jotee ca guddi, ñépp ñëw,  
sinemaa ba fees dell.

Làmp yi fay, film bi tàmbali, seetaankat yi  
di xàqataay ak a tàccu.



Ca ëllëg sa, « Kàddu gu jëkk » moo doon waxtaan ca Ndumbelaan.

Ñaari taskati xibaar, Seku ak Kéwel, dem seeti Lëg, waxtaan ak moom.

Kéwel ne ko : « Soo doon tënk sa film bi lan ngay wax ? »

Lëg ne ko : « kuy wut dafay déglu waxi tontu yi jëkk. »

At moomu, filmu Lëg bi moo jël « Gayndeg wurusu » filmi Ndakaaru.

